



Pou Piblikasyon Imedya: 19/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO FÈM SOU TÈT JAVITS CENTER A REYINI  
AK PWOGRAM KILTIVE AK SÈTIFYE NAN ETA NY LA POU SELEBRE SEMÈN  
LATÈ A**

*Yon demi ekta fèm pral pwodui jiska 40,000 liv fui, legim ak legim vè pa ane*

*Nouvo forè alimantè ki kreye pou amelyore ekosistèm nan sou twati Javits Center  
a*

*Foto premye rekòt fèm sou twati ane sa a disponib [jisit la](#)*

Pou selebre Semèn Latè a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo fèm sou twati yon demi ekta a nan Javits Center te reyini ak pwogram Kiltive epi Sètifye nan Eta New York (New York State Grown & Certified), yon efò nan tout eta a ki idantifye pwodikè lokal yo ki respekte règ ki pi wo nan sa ki gen pou wè ak sekirite alimantè ak jesyon anviwònman. Fèm k ap fonksyone a ki sitiye a plis pase uit etaj pa rapò ak nivo lari a, te konplete ane pase a nan kad ekspansyon modèn, 1.2 milyon pye kare Javits Center a sou Kot Lwès Manhattan. Chak ane, yo prevwa pou fèm nan pwodui jiska 40,000 liv pwodui, k ap antre nan plizyè milyon repa yo sèvi envite yo pandan evènman nan sant konvansyon an. Lendi a, kiltivatè nan Brooklyn Grange, ki jere fèm sou twati a, te rekòlte premye pwodui yo ane sa, ki genyen ladan yo kawòt, pwawo ak chou frize, k ap itilize pandan Salon Otomobil Entènasyonal New York la ki ouvè jiska dimanch 24 avril.

"Pandan n ap selebre Semèn Latè a, li enpòtan pou reflekte lit egzistansyèl nou kont chanjman klimatik epi kontinye pouswiv solisyon istorik, inovan pou mennen nou pi pre yon pou n gen yon Eta New York ki pi pwòp, ki pi ekolojik pou tout moun", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Apati siksè ki soti nan yon nouvo fèm sou twati 3 ekta twati vè li a, Javits Center a te demontre pwisans dirabilite. Nou fyè pou akeyi yo nan pwogram Kiltive epi Sètifye nan Eta New York la, ki selebre pwodui fre, ki bon pou lasante ki kiltive nan yon fason ki konsidere anviwònman an."

**Delege Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la (New York State Department of Agriculture and Markets), Richard A. Ball te deklare,** "Pwogram Kiltive epi Sètifye nan Eta NY la reponn ak demann konsomatè nou yo, k ap chèche deplizanpli pwodui sen, ki manye nan tout sekirite ki soti nan jaden pou ale sou tab, epi Javits Center a

reponn ak demann sa. Nou enspire pa tout reyalizasyon dirab yo nan Javits Center a, epi kòm rezilta règ bon kalite yo, nou fyè pou akeyi fèm sou twati yo a nan pwogram nan."

**Prezidan New York Convention Center Operating Corporation, Alan Steel, te deklare,** "Nou onore pou rejwenn pwogram Kiltive epi Sètifye nan Eta NY la epi pou pote eksperyans soti nan twati pou ale sou tab nou an pou plizyè milyon vizitè ki soti toupatou nan mond lan. Fèm sou twati a mete pwogram dirabilite nou an nan pi wo nivo - literalman - lè li bay envite yo engredyan ki kiltive sèlman a kèk pa de kote y ap konsome yo a. Objektif nou se kontinye sèvi kòm yon modèl dirabilite epi ankouraje lòt moun pou konsidere potansyèl agrikilti iben an ak enpak pozitif li sou kominote a."

**Senatè Eta Brad Hoylman te deklare,** "Javits Center a se yon modèl pou dirabilite nan espas iben. Pa sèlman li se Sant k ap kiltive yon demi ektè fèm sou twati anlè Kot Lwès bilding lan, men kounye a yo vize règ sou kalite manje ki pi wo lè yo rejwenn pwogram Kiltive epi Sètifye nan Eta New York la. Mwen kontan anpil ke Gouvènè Hochul te fè dirabilite nan Vil New York vin yon priyorite, espesyalman pou onore Jounen Latè a."

Sou tèt Javits Center a, kiltivatè nan Brooklyn Grange ap plante divès rekòt, soti nan bazilik ak bwokoli, rive nan tomat ak navè. Yo travay depre ak chèf sou plas sant konvansyon an pou entegre pwodui a nan repa ki kreye pou evènman presi yo, soti nan solon komèsyal rive nan gala ak kravati nwa. Avèk plis pase 3,000 pwodiktyè sètifye nan tout eta a, pwogram Kiltive epi Sètifye nan Eta NY la fè pwomosyon agrikiltè ak pwodiktyè alimantè New York yo ki respekte pratik sekirite alimantè ak règ anviwònmanal ki pi wo. Nan Vil New York, fèm sou twati Javits Center a rejwenn kat nan lòt fèm sou twati nou yo pou reyalize sètifikasyon sa: twa fèm nan Brooklyn ak Queens, ke Brooklyn Grange jere tou, ak yon lòt fèm nan Jamaica, Queens, ke Gotham Greens jere.

Pou favorize angajman anviwònmanal li Javits Center a te devwale kreyasyon forè alimantè a nan kad ekosistèm twati inik li a. Avèk plizyè kouch diferan ki anpile nan fason vètikal, yon forè alimantè imite benefis ekolojik yo epi pwodui dinamik yo jwenn nan forè yo epi li fèt pou ogmante biyodivèsite, efikasite, ak dirabilite sistèm pwodiksyon manje yo. Forè alimantè sa ki plante nan yon twati 10,000 pye kare nan kad ekspansyon resan jaden fui ki te konstui a, ap devlope sèvis ekosistèm ke twati vèt ak fèm Javits Center a deja apwovizyone yo, ki enkli diminyasyon risk dlo siklòn, regilasyon tèmik ak fouraj ak abita pou fòn rejyon an. Plizyè varyete plant yo ap kreye yon espas ki pi konplèks epi rezistan pou kiltive manje pou imen ak lòt espès ki depann de enfrastrikti vèt nan anviwònman ki konstui a. Depi 2014, yo te obsève 35 espès zwazo, senk espès chòvsouri, ak plizyè milye ensèk sou twati vè Javits Center a, anplis senk rich myèl aktif.

Soti nan West 34th rive nan West 40th street ant 11th ak 12th avenue, Javits Center ki elaji a prezante yon enstalasyon triyaj kamyon kat etaj ki loje jiska 200 traktè-trelè alafwa, ki diminye konjesyon katye a ak polisyon pandan l ap amelyore sekirite sikilasyon. Pami nouvo espas ekspozisyon ak rankont yo genyen Overview, yon espas

evènman espesyal 54,000 pye kare — pi gwo espas nan kalite sa nan Nòdès la - ansanm ak plis pase 200,000 pye kare sal rankont ak espas pou anvan fonksyon. Tout espas yo ekipe ak teknoloji dènye kri nan aparèy ekleraj, sistèm chofaj ak è kondisyone ak koneksyon san fil. U.S. Green Building Council te sètifye ekspansyon an nan nivo Sètifikasyon Lò nan Lidèchip nan Enèji ak Konsepsyon Anviwòmantal (Leadership in Energy and Environmental Design, LEED).

Depi 2014, Javits Center te diminye konsomasyon enèji li a 26% epi li te ajoute yon nouvo imèb twa etaj ki gen transfòmasyon, dèlko de rechanj al lòt ekipman elektrik pou alimante sant konvansyon ki elaji a. Ak enstalasyon filtè Lè Efikasite Elve ak Patikil (High Efficiency Particulate Air, HEPA) nan nivo lopital yo pou amelyore filtrasyon lè ak vantilasyon nan tout lokal la, Javits Center a te resevwa akreditasyon Global Biorisk Advisory Council (GBAC), te aplike règ ki pi wo sektè a pou netwayaj ak sanitasyon.

### **Enfòmasyon sou pwogram Kiltive epi Sètifye nan Eta NY la**

Pwogram Kiltive epi Sètifye nan Eta NY la te lanse pou ede satisfè demann konsomatè yo k ap ogmante pou pwodwi alimantè ki kiltive oswa pwodwi dapre règ ki pi elve. Pwogram lan sètifye pwodikti Eta New York ki respekte estanda elve pou sekirite alimantè ak jesyon anviwòmantal yo. Li jwenn sipò yon kanpay komèsyalizasyon ki genyen ladan etikèt ki sou pwodwi yo, materyèl pwomosyonèl yo, ak materyèl pou vant yo. Aktyèlman, plis pase 3,000 pwodikti ap patisipe nan pwogram Kiltive epi Sètifye nan Eta New York la, ki reprezante plis pase 303,514 ekta teren agrikòl. Pou plis enfòmasyon sou pwogram Kiltive epi Sètifye nan Eta NY la, vizite [certified.ny.gov](https://www.certified.ny.gov), oswa swiv pwogram lan sou Facebook, Twitter ak Instagram.

### **Enfòmasyon sou Javits Center**

Javits Center a ki te desine pa I.M. Pei & Partners, te ouvri an 1986 epi li te vin tounen espas prensipal Vil New York pou gwo konvansyon, salon komèsyal, ak evènman espesyal epi li sèvi ki akèy pou anpil nan 250 pi gwo salon komèsyal nan mond lan, ki akeyi plizyè milyon vizitè pa ane. Evènman a gran echèl sa yo te jenere plis pase 2 milya dola nan aktivite ekonomik pou Vil New York ak Eta New York, ki sipòte apeprè 18,000 djòb nan alantou etablisman an. Javits Center a ki sitiye nan 11th Avenue ant West 34th ak West 40th Street nan Manhattan, gen plis pase 850,000 pye kare espas ekspozisyon total, de nouvo etaj sal rankont ak espas pou anvan fonksyon ak divès sèvis restoran, sekirite, dirabilite, ak teknoloji. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale nan sitwèb [www.javitscenter.com](http://www.javitscenter.com).

###